# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
## 22.02.2010-ж. №16/I

# ТЕЛЕКОММУНИКАЦИЯЛАР ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
28.12.2013-ж. 187/XIV–санлы ҚР Нызамы

**1-статья. Усы Нызамның мақсети**

Усы Нызамның мақсети телекоммуникацияларды жаратыў, ислетиў ҳәм раўажландырыў саласындағы жәмийетлик қатнасықларды ретлестириўден ибарат.

**2-статья. Тийкарғы түсиниклер**

Усы Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

**телекоммуникациялар** – сигналлар, белгилер, текстлер, сеслер ямаса мәлимлемениң басқа түрлерин өткизгишли, радио, оптикалық ямаса басқа да электромагнит системалардан пайдаланған ҳалда узатыў, қабыл етиў, қайта ислеў;

**телекоммуникациялар тармағы** – узатыўлардың бир ямаса бирнеше түрин: телефон, телеграф, факсимиль түрлерин, мағлыўматлар узатыў ҳәм ҳүжжетли хабарлардың басқа да түрлерин, телевизиялық ҳәм радио еситтириў бағдарламаларын трансляция етиўди тәмийинлеўши телекоммуникация қуралларының комплекси;

**телекоммуникация қураллары** – электромагнит ямаса оптикалық сигналларды пайда етиў, узатыў, қабыл етиў, қайта ислеў, коммутациялаў ҳәм оларды басқарыў имканиятын бериўши техникалық қурылмалар, әсбап-үскенелер, қурылмалар ҳәм системалар;

**телекоммуникация қурылмалары** – телекоммуникация тармақлары ҳәм қуралларының ислеўин ҳәм олардан пайдаланыўды тәмийинлеўши иморатлар, қурылмалар, телекоммуникация линиялары, үскенелер, таянышлар, мачталар ҳәм басқа да қурылмалар;

**ақырғы (терминал) әсбап-үскенелер** - телекоммуникациялар тармақлары менен өз-ара байланысатуғын, телекоммуникациялар тармақлары арқалы жеткерип берилетуғын яки қабыл етилетуғын сигналларды жаратыў, өзгертиў, қайта ислеў ушын арналған телекоммуникациялар хызметлеринен пайдаланыўшылардың техникалық; *(ҚР ЖК 28.12.2013-ж. 187/XIV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**тармақлараралық жалғаныўлар** – түрли телекоммуникациялар операторларының пайдаланыўшылар арасында мәлимлемени узатыў ҳәм қабыл етиўин тәмийинлеўши телекоммуникация тармақларының өз-ара технологиялық бирге ислесиўи;

**телекоммуникация операторы** (буннан былай - оператор) - меншик ҳуқықы ямаса басқа затлық ҳуқық тийкарында телекоммуникациялар тармағына ийе болған, оның ислеўин, раўажланыўын тәмиийнлеўши ҳәм телекоммуникация хызметлерин көрсетиўши юридикалық шахс;

**телекоммуникация хызметлери провайдери** (буннан былай - провайдер) – пайдаланыўшыларға операторлар тармағы арқалы коммерциялық тийкарда телекоммуникация хызметлерин көрсетиўши юридикалық шахс;

**телекоммуникациялар хызметлери** – оператор ҳәм провайдердиң сигналллар ҳәм басқа да мәлимлеме түрлерин телекоммуникация тармақлары арқалы қабыл етиў, узатыў, қайта ислеў бойынша жумысының өними;

**номерлеў системасы** – операторлар, провайдерлер ҳәм пайдаланыўшылардың ақырғы (терминал) әсбап-үскенелер арасында номерлерди бөлистириў ҳәм оларға номер (номерлер ямаса белгилер комбинациясын) бериў тәртиби;

**номерлеў жобасы** – операторлар, провайдерлер ҳәм пайдаланыўшылардың ақырғы (терминал) әсбап-үскенелери арасындағы анық номерлердиң берилиўи;

**телекоммуникациялар хызметлеринен пайдаланыўшы** (буннан былай - пайдаланыўшы) – телекоммуникациялар хызметлериниң тутыныўшысы болып табылатуғын юридикалық ямаса физикалық шахс;

**универсал хызметлер** – улыўма пайдаланыўдағы телекоммуникация тармақлары арқалы барлық пайдаланыўшыларға көрсетилетуғын белгиленген сападағы мәжбүрий хызметлер топламы (пайдаланыўшылардың бул тармақтан пайдаланыўын тәмиийнлеў, жергиликли, қалалараралық ҳәм халықаралық телефон сөйлесиўлери, телеграммалар жөнетиў ҳәм басқалар);

*(ҚР ЖК 28.12.2013-ж. 187/XIV-санлы Қарарына тийкар он бесинши, он алтыншы ҳәм он жетинши абзацлар менен толықтырылған)*

**домен атамасы** - мәлимлеме ресурсына ямаса мәлимлеме дизимине берилген, оларды Интернет дүнья жүзилик мәлимлеме тармағында идентификациялаў ушын хызмет ететуғын атама;

**домен атамалары системасы** - Интернет дүнья жүзилик мәлимлеме тармағында домен атамаларын бериў, дизимге алыў ҳәм олардан пайдаланыў тәртиби;

**телекоммуникациялар тармақларын аттестациядан өткизиў** - телекомуникациялар тармақлары қорғалғанлық жағдайының мәлимлеме қәўипсизлиги тараўындағы мәмлекетлик стандартлары ҳәм норматив-ҳуқықый актлер талапларына муўапықлығын анықлаўға қаратылған шөлкемлестириў-техникалық илажлар комплекси.

**3-статья. Телекоммуникациялар ҳаққындағы нызам актлери**

Телекоммуникациялар ҳаққындағы нызам актлери усы Нызамнан ҳәм басқа да нызам актлеринен ибарат.

Телекоммуникациялар тармақларының қорғаныў, миллий қәўипсизлик ҳәм ҳуқық тәртиби уйымлары зәрүрликлери ушын ислеўи менен байланыслы қатнасықлар өз алдына нызам актлери менен ретлестириледи.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының телекоммуникациялар ҳаққындағы нызам актлеринде нәзерде тутылғанынан басқаша қағыйдалар белгиленген болса, халықаралық шәртнама қағыйдалары қолланылады.

**4-статья. Телекоммуникация тармақларына болған меншик**

Қарақалпақстан Республикасында телекоммуникация тармақлары ғалаба ямаса жеке меншик болыўы мүмкин.

Телекоммуникация тармақларының барлық меншик ийелери тендей ҳуқықларға ийе ҳәм нызам менен кепиллик берилген тендей қорғаўдан пайдаланады.

**5-статья. Телекоммуникация тармақларының жерлери**

Телекоммуникация қурылмалары ҳәм объектлеринен пайдаланыў, оларды сақлаў, қурыў, қайта қурыў, оңлаў бойынша өзине жүкленген ўазыйпаларды орынлаў ушын операторларға турақлы пайдаланыўға берип қойылған жерлер телекоммуникация тармақларының жерлери болып есапланады.

Телекоммуникациялар жумысын тәмийинлеў ушын жерлер нызам актлеринде белгиленген тәртипте бериледи.

Телекоммуникациялардың кабель, радиореле ҳәм ҳаўа тармақларынан пайдаланыўды тәмийинлеў мақсетинде қорғаў зоналары белгиленеди.

Қорғаў зоналарын орнатыў тәртиби, олардың өлшемлери, усы мақсетлер ушын ажыратылған жерлерден пайдаланыў режими Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

**6-статья. Телекоммуникация тармақлары**

Телекоммуникация тармақлары белгиленген мақсетлери бойынша улыўма пайдаланыўдағы, ведомстволық ҳәм ажыратылған телекоммуникациялар тармақларына бөлинеди.

Телекоммуникация хызметлерин көрсетиўдиң бирден-бир принциплери, оларды усыныў ҳәм ҳақы төлеўдиң тәртиби тийкарында Өзбекстан Республикасы аймағындағы барлық юридикалық ҳәм физикалық шахсларға телекоммуникация хызметлерин көрсетиў ушын арналған телекоммуникациялар тармағы улыўма

пайдаланыўдағы телекоммуникациялар тармақларына киреди. Улыўма пайдаланыўдағы телекоммуникациялар тармағында телекоммуникация хызметлерин көрсетиў қағыйдалары телекоммуникациялар саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен белгиленеди.

Юридикалық ҳәм физикалық шахслардың өндирислик ҳәм арнаўлы зәрүрликлери ушын мөлшерленген, олардың ықтыярында болған ҳәм олар тәрепинен пайдаланылып атырған телекоммуникациялар тармақлары ведомстволық телекоммуникациялар тармақларына киреди. Ведомстволық телекоммуникация тармақлары басқа пайдаланыўшыларға телекоммуникация хызметлерин көрсетиў ушын да пайдаланылыўы мүмкин.

Ажыратылған телекоммуникация тармақлары қатарына пайдаланыўшылардың белгили бир шеңберине хызмет көрсетиў ушын юридикалық шахслардың коммерциялық мақсетлерде жаратқан телекоммуникация тармақлары киреди.

Ведомстволық ҳәм ажыратылған телекоммуникация тармақларының операторлары тәрепинен хызметлер көрсетиў қағыйдалары усы телекоммуникациялардың операторлары ямаса провайдерлери тәрепинен нызам актлерине муўапық белгиленеди.

### 7-статья. Телекоммуникациялар саласында мәмлекет тәрепинен ретлестириў ҳәм басқарыў

Телекоммуникациялар саласында мәмлекет тәрепинен ретлестириў лицензиялаў, сертификатластырыў, салық салыў, бирден-бир илимий-техникалық сиясатты қәлиплестириў жолы менен, сондай-ақ нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да усыллар менен әмелге асырылады.

Телекоммуникациялар саласында мәмлекетлик басқарыў телекоммуникациялар саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен әмелге асырылады.

### 8-статья. Телекоммуникациялар саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйым

Телекоммуникациялар саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйым:

телекоммуникациялар саласында мәмлекетлик сиясатты жүргизеди;

телекоммуникацияларды раўажландырыўдың миллий бағдарламасын ислеп шығады;

телекоммуникациялар саласында стандартлар, нормалар ҳәм қағыйдаларды ислеп шығады;

юридикалық шахслардың телекоммуникациялар саласындағы жумысын лицензиялаўды әмелге асырады;

телекоммуникациялар хызметлериниң айырым түрлерин, сондай-ақ тармақлар аралық жалғаныўлар тарифлерин ретлестиреди;

операторлар ҳәм провайдерлердиң жумыс алып барыўы ушын тендей шараятлар жаратылыўына көмеклеседи;

телекоммуникациялардың техникалық қураллары сертификатланыўына байланыслы жумысларды шөлкемлестиреди;

телекоммуникация хызметлери базарын қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўға көмеклеседи;

операторлар ҳәм провайдерлердиң телекоммуникациялар тармақларының мәлимлеме қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша жумысын муўапықластырады;

пайдаланыўшылардың ҳуқықларын ҳәм нызамлы мәплерин қорғайды, операторлар, провайдерлер ҳәм пайдаланыўшылар арасындағы өз-ара қатнасықлар мәселелерин қарап шығады;

телекоммуникациялар тармақларын номерлеў системасын ислеп шығады ҳәм номерлеў жобасын басқарыўды әмелге асырады;

Интернет дүнья жүзилик мәлимлеме тармағы миллий сегментиниң мәнзил мәканынан пайдаланыў тәртибин ислеп шығады ҳәм тастыйықлайды, домен атамалары дизимин белгилейди;

телекоммуникациялар ҳаққындағы нызам актлерине бойсыныўын тәмийинлейди;

мәмлекетлик басқарыў уйымлары, операторлар ҳәм провайдерлердиң телекоммуникациялар тармақлары ҳәм хызметлерин раўажландырыў мәселелерине байланыслы жумысын муўапықластырады;

кадрларды оқытыў ҳәм қәнигелигин арттырыўды шөлкемлестиреди;

телекоммуникация саласында халықаралық бирге ислесиўди әмелге асырады;

мәмлекетлик басқарыў тараўында заманагөй телекоммуникациялар тармақларын енгизиў, раўажландырыў ҳәм олардан пайдаланыў, мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда юридикалық ҳәм физикалық шахсларға интерактив мәмлекетлик хызметлерин көрсетиў дизимин қәлиплестириў мәселелери бойынша усыныслар ислеп шығады; *(ҚР ЖК 28.12.2013-ж. 187/XIV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

Телекоммуникациялар саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйымның өз ўәкиллиги шеклеринде қабыл еткен нормативлик актлери барлық юридикалық ҳәм физикалық шахслар тәрепинен орынланыўы мәжбүрий болып табылады.

**8[1]-статья. Мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыўы уйымларының, орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының телекоммуникациялар тараўындағы миннетлемелери**

Мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыў уйымлары, орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған

ҳалда юридикалық ҳәм физикалық шахсларга интерактив мәмлекетлик хызметлерин көрсетиў мақсетинде улыўма пайдаланыўдағы телекоммуникациялар тармақларының сапалы ислеўи ҳәмде раўажландырылыўы ушын шараятлар жаратыўы шәрт. *(ҚР ЖК 28.12.2013-ж. 187/XIV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**9-статья. Телекоммуникациялар саласындағы жумысты лицензиялаў**

Юридикалық шахслардың телекоммуникациялар саласындағы айырым жумыс түрлери арнаўлы рухсатнамалар (лицензиялар) тийкарында әмелге асырылады.

Төмендегилер лицензияланыўы шәрт:

телекоммуникациялар тармақларын жойбарластырыў;

телекоммуникациялар тармақларын қурыў;

телекоммуникациялар тармақларынан пайдаланыў;

телекоммуникациялар тармақларына хызмет көрсетиў. *(ҚР ЖК 27.06.2014-ж. 209/XV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Телекоммуникациялар саласында белгили бир жумыс түрин әмелге асырыў ушын берилетуғын лицензиялар үлги ямаса жеке тәртипте болыўы мүмкин.

Юридикалық шахсларға телекоммуникациялар саласындағы жумысты әмелге асырыў ушын бирден-бир талаплар ҳәм шәртлер тийкарында берилетуғын лицензиялар үлги лицензиялар болып табылады.

Юридикалық шахсларға телекоммуникациялар саласындағы жумысты әмелге асырыў ушын айрықша талаплар ҳәм шәртлер тийкарында берилетуғын лицензиялар жеке тәртиптеги лицензиялар болып есапланады.

Лицензияларды бериў тәртиби ҳәм шәртлери, олардың ҳәрекет етиў мүддетлери, ҳәрекет етиўин тоқтатып қойыў ямаса тоқтатыў тәртиби ҳәм шәртлери Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

Телекоммуникациялар саласындағы айырым жумыс түрлери ушын лицензиялар бериў таңлаў (тендер) тийкарында әмелге асырылыўы мүмкин. Таңлаўлар (тендерлер) ды өткериў тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

Лицензиялардың ийелери нызам актлерин бузған жағдайда лицензиялар тоқтатылыўы ямаса бийкар етилиўи мүмкин.

**10-статья. Телекоммуникациялар саласында сертификатластырыў**

Телекоммуникациялардың техникалық қураллары, соның ишинде Өзбекстан Республикасындағы телекоммуникация тармақларында пайдаланылатуғын ақырғы (терминал) әсбап-үскенелер белгиленген

стандартларға, техникалық шәртлерге ҳәм нызам актлерине муўапық басқа нормаларға муўапықлығы бойынша сертификатланыўы тийис.

**10[1]-статья. Телекоммуникациялар тармақларын аттестациядан өткериў**

Мәмлекет сырлары яки қупыя мағлыўматты өз ишине алған мәлимлемени қайта ислеў ушын арналған телекоммуникациялар тармақлары мәжбүрий аттестациядан өткизилиўи керек.

Усы статьяның биринши бөлиминде нәзерде тутылмаған телекоммуникациялар тармақларын аттестациядан өткериў ықтыярлы түрге ийе болады.

Телекоммуникациялар тармақларын аттестациядан өткизиў нызам актлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 28.12.2013-ж. 187/XIV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**11-статья. Телекоммуникациялар тармақларын номерлеў дизими ҳәм режеси, домен атамалары дизими**

Телекоммуникациялар тармақларын номерлеў дизими ҳәм режеси, сондай-ақ Интернет дүнья жүзилик мәлимлеме тармағы миллий сегменти домен атамаларының дизими телекоммуникациялар тараўындағы арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен тастыйықланады.

Телекоммуникациялар тармақларын номерлеў ресурсларын ҳәм домен атамаларын есапқа алыў, системаластырыў ҳәм олардан пайдаланыўды қадағалаў телекоммуникациялар тараўындағы арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен әмелге асырылады.

Телекоммуникациялар тармақларын номерлеў ресурсларынан операторлар ҳәм провайдерлердиң, сондай-ақ домен атамаларынан юридикалық ҳәм физикалық шахслардың пайдаланыўы төлемли.

Телекоммуникациялар тармақларын номерлеў ресурсларынан ҳәм домен атамаларынан пайдаланғанлығы ушын төлемлердиң муғдарлары ҳәмде оларды төлеў тәртиби, сондай-ақ оларға тийисли жеңилликлер нызам актлери менен белгиленеди. *(ҚР ЖК 28.12.2013-ж. 187/XIV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**12-статья. Бәсекилик ҳәм монополиялық жумысты шеклеў**

Телекоммуникациялар саласында инвестиция жумысын әмелге асырыўшы операторлар, провайдерлер, юридикалық ҳәм физикалық шахслар, сондай-ақ әсбап-үскенелерди таярлаўшылар ҳәм жеткерип бериўшилер телекоммуникация тармақларын ҳәм хызметлер базарын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыўда қатнасыўдың тендей имканиятына ийе болады.

Телекоммуникациялар саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйым монополияға қарсы мәмлекетлик уйым менен биргеликте телекоммуникациялар саласында бәсекиликти раўажландырыўға көмеклеседи, ғәррем бәсекилик жағдайларын тоқтатыў ҳәм монополиялық жумысты шеклеў бойынша нызам актлеринде белгиленген илажларды көреди.

Ғәррем бәсекилик, пайдаланыўшылардың мәплерин кемситиў, бәсекиликке тосқынлық етиўши ямаса оны шеклеўши басқа да қандайда бир ҳәрекетлерге жол қойғаны ушын операторлар ҳәм провайдерлер нызам актлеринде белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

**13-статья. Телекоммуникациялардың универсал хызметлери**

Улыўма пайдаланыўдағы телекоммуникация тармақларының операторлары ҳәм провайдерлери лицензия тийкарында барлық пайдаланыўшыларға шекленбеген тәризде телекоммуникациялардың универсал хызметлерин белгиленген сапада көрсетеди.

Универсал хызметлердиң дизими ҳәм олардың сапасына байланыслы талаплар телекоммуникациялар саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен белгиленеди.

**14-статья. Телекоммуникация хызметлерине байланыслы тарифлер**

Телекоммуникация хызметлерине байланыслы тарифлер бундай хызметти көрсетиў ушын кеткен қәрежетлерди есапқа алған ҳалда шәртнама тийкарында нызам актлерине муўапық белгиленеди.

Телекоммуникациялардың универсал хызметлери ушын тарифлер пайдаланыўшылардың мәплерин есапқа алған ҳалда, нызам актлеринде белгиленген тәртипте телекоммуникациялар саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен ретлестириледи.

Қыстаўлы оператив хызметлерди (өртке қарсы, милиция, тез медициналық жәрдем, газ тармағының авария хызмети ҳәм басқа да хызметлерди) шақырыў барлық пайдаланыўшылар тәрепинен бийпул әмелге асырылады. Оператив қыстаўлы хызметлердиң дизими нызам актлери менен белгиленеди.

**15-статья. Телекоммуникация тармақлары арқалы узатылатуғын телефон сөйлесиўлери, телеграф ҳәм басқа да хабарлардың сыр тутылыўы**

Телекоммуникация тармақлары арқалы узатылатуғын телефон сөйлесиўлери, телеграф ҳәм басқа да хабарлардың сыр тутылыўын бузыўға ҳеш ким ҳуқықлы емес. Барлық операторлар ҳәм провайдерлер усы сөйлесиўлер ҳәм хабарлардың сыр тутылыўын тәмийинлеўи шәрт.

Телекоммуникациялар тармақлары арқалы узатылып атырған хабарлар ҳаққындағы мағлыўмат, сондай-ақ хабарлардың өзи тек ғана усындай хабарларды

жөнетиўшилер ҳәм оларды алыўшыларға ямаса олардың нызамлы ўәкиллерине берилиўи мүмкин.

Телекоммуникация тармақлары арқалы узатылатуғын телефон сөйлесиўлерин еситиўге, хабарлар менен танысыўға олар ҳаққында мағлыўматлар алыўға, сондай-ақ сөйлесиўлер ҳәм хабарлардың сыр тутылыўын басқаша тәризде шеклеўлерге тек ғана нызамда нәзерде тутылған жағдайларда ҳәм тәртипте жол қойылады.

Усы статьяның қағыйдаларының бузылыўына жол қойған лаўазымлы ҳәм басқа да шахслар нызамға муўапық жуўапкершиликке тартылады.

**16-статья. Телекоммуникациялар тармақлары ҳәм қуралларын раўажландырыў ҳәм реконструкциялаў**

Телекоммуникация тармақлары ҳәм қуралларын раўажландырыў ҳәм реконструкциялаў олардың ийелери тәрепинен өз қаржылары, мәпдар юридикалық ҳәм физикалық шахслардың қаржылары ҳәмде нызам актлери менен қадаған етилмеген басқа да дереклер есабынан әмелге асырылады.

Улыўма мәмлекетлик ўазыйпаларды шешиўге арналған телекоммуникациялар тармақлары ҳәм қуралларын раўажландырыў ҳәм реконструкциялаў Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен тастыйықланатуғын ҳәм нызам актлеринде белгиленген тәртипте қаржыландырылатуғын раўажландырыўдың миллий бағдарламалары тийкарында әмелге асырылады.

Телекоммуникациялар тармақлары ҳәм қуралларын раўажландырыў ҳәм реконструкциялаў жойбарларын әмелге асырыўда қатнасыўшы юридикалық шахсларға нызам ҳүжетлеринде белгиленген тәртипте салық бойынша ҳәм басқа да жеңилликлер берилиўи мүмкин. *(ҚР ЖК 28.12.2013-ж. 187/XIV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Қалаларды, поселкаларды ҳәм басқа да елатлы пунктлерди, турақ-жай районларын ҳәм комплекслерин, айырым имаратларды ҳәм қурылмаларды жойбарлаў ҳәм раўажландырыўда жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары белгиленген нормативлерге муўапық телекоммуникация қуралларын жайластырыў ушын имаратлар ямаса өз алдына ханалар қурыўды нәзерде тутыўы керек.

Юридикалық шахслар имаратлар ҳәм телекоммуникация қурылмаларын усы мақсет ушын берилген жер участкаларында белгиленген тәртипте қурыўға, сондай-ақ имаратлар ҳәм қурылмалардың төбелерине (таянышлар, көпирлер, коллекторлар, жер асты жоллары ҳәм басқа да қурылмаларға) усы жер участкалары, имаратлар ҳәм қурылмалардың меншик ийелери (ийелери, ижарашылары) менен келисилген ҳалда телекоммуникациялар қуралларын

орнатыў ҳәм хызмет көрсетиўге ҳуқықлы. *(ҚР ЖК 28.12.2013-ж. 187/XIV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Елатлы пунктлер ҳәм айырым иморатлар, жоллар, көпирлер ҳәм басқа да объектлерди жаңадан қурыў, кеңейтиў, реконструкциялаў, жаңа жерлерди өзлестириў, мелиорация системаларын өзгертиў, пайдалы қазылмаларды қазып алыў себепли телекоммуникация қуралларын көшириў ямаса қайта қурыў қурылыстың буйыртпашысы тәрепинен өз қаржылары есабынан операторлар ҳәм провайдерлердиң техникалық шәртлери бойынша әмелге асырылады.

Телекоммуникациялардың квартал ишиндеги тармақлары ҳәм қурылмалары қурылыстың буйыртпашылары тәрепинен жойбарланады ҳәм қурылады.

**17-статья. Тармақлараралық жалғаныўлар**

Тармақлараралық жалғаныўлар телекоммуникацияның ҳәр қыйлы тармақларының пайдаланыўшылары арасында мәлимлеме узатыў ҳәм қабыл етиў ушын әмелге асырылады.

Операторлар ҳәм провайдерлер өз тармақларына басқа операторлар ҳәм провайдерлердиң тең ҳуқықлы тийкарда кире алыўын тәмийинлеўи шәрт.

Операторлар ҳәм провайдерлер тармақлараралық байланысларды телекоммуникациялар тараўындағы нормалар ҳәм режелерге муўапық қабыл етилетуғын, байланыстырып атырған телекоммуникациялар тармағы операторының техникалық шәртлерине муўапық тәмийинлеўи керек. *(ҚР ЖК 28.12.2013-ж. 187/XIV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Тармақлараралық жалғаныўлар тийисли телекоммуникация тармақларының операторлары ҳәм провайдерлери арасында шәртнамалар тийкарында әмелге асырылады.

Телекоммуникация тармақларын жалғаў, операторлар тәрепинен өз ара хызмет көрсетиў ҳәм олар арасындағы өз ара есапласыўларды әмелге асырыў тәртиби ҳәм шәртлери телекоммуникация саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйым тәрепинен тастыйықланады.

**18-статья. Операторлар ҳәм провайдерлердиң оператив-излеў жумысын әмелге асырыўшы уйымлар менен өз-ара қатнасықлары**

Қарақалпақстан Республикасы аймағында ҳәрекет етиўши операторлар ҳәм провайдерлер оператив-излеў жумысын әмелге асырыўшы уйымлар телекоммуникациялар тармақларында оператив-излеў илажларын өткериўи ушын пайдаланылатуғын әсбап-үскенелерди өз қаржылары есабынан орнатыўы ҳәм олардың ислеўин тәмийинлеўи, сондай-ақ усы илажларды өткериўдиң шөлкемлестириў ҳәм тактикалық усыллары жәрия етилиўине жол қоймаў илажларын көриўи шәрт.

Телекоммуникация тармақларында оператив-излеў илажларын өткериў ушын қолланылатуғын техникалық қураллар ҳәм әсбап-үскенелердиң муғдарын ҳәм қурамын операторлар ҳәм провайдерлер оператив-излеў жумысын әмелге асырыўшы уйымлар менен келисилип алынады.

Телекоммуникация тармақлары ямаса қуралларынан шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплерине зыян келтириўши жынаятлы мақсетлерде пайдаланылған жағдайда, бундай телекоммуникация тармақлары ҳәм қуралларының жумыс алып барыўы тоқтатылады.

### 19-статья. Айрықша жағдайларда телекоммуникация тармақларын басқарыў

Айрықша жағдайларда (әскерий ҳәрекетлер, жер силкиниўлер, суў тасқынлары, өртлер, эпидемиялар ҳәм басқалар) телекоммуникациялар саласындағы арнаўлы ўәкилликли уйым телекоммуникациялар тармақлары ҳәм қуралларынан артықмашылықлы пайдаланыў ҳәм оларды орайласқан ҳалда басқарыў, сондай-ақ олардың ислеўин шеклеў ямаса тоқтатып қойыў ҳуқықына ийе.

Операторлар ҳәм провайдерлер халықты айрықша жағдайлар қәўпинен хабардар етиўди шөлкемлестириў ушын зәрүр болған қураллар орнатылыўын ҳәм олардан пайдаланыўды тәмийинлеўи шәрт.

Айрықша жағдайларда телекоммуникация тармақлары ҳәм қуралларынан пайдаланыў пайытында операторлар ҳәм провайдерлер көрген зыянлар мәмлекетлик бюджет есабынан қапланады.

Операторлар ҳәм провайдерлер адамлардың теңиздеги, жердеги, ҳаўадағы, космос кеңислигиндеги қәўипсизлигин, қорғаныў, қәўипсизлик ҳәм ҳуқық тәртибин сақлаў саласындағы кешиктирип болмайтуғын илажларды өткериўге байланыслы барлық хабарларға, сондай-ақ ири авариялар, апатшылықлар, эпидемиялар ҳәм басқа да айрықша жағдайлар ҳаққындағы хабарларға толық артықмашылық бериўи тийис.

### 20-статья. Телекоммуникация тармақларында жүз берген ҳәдийселер ақыбетлерин сапластырыў

Телекоммуникация тармақларында жүз берген ҳәдийселер (авариялар, бузылыўлар) ақыбетлерин сапластырыў усы тармақлардың операторлары тәрепинен әмелге асырылады.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары операторларға телекоммуникация тармақларында жүз берген ҳәдийселер ақыбетлерин сапластырыўда көмеклеседи.

Телекоммуникация тармақларында жүз берген ҳәдийселердиң ақыбетлерин сапластырыў жумысларын орынлаў телекоммуникация қураллары жайласқан жер участкасы, имарат ямаса қурылманың меншик ийеси (ийеси, ижарашысы) ниң

келисими алыныўын талап етпейди. Ҳәдийселер ақыбетлерин сапластырыў нәтийжесинде меншик ийесине (ийесине, ижарашысына) келтирилген зыян тийисли оператор тәрепинен қапланыўы керек.

Телекоммуникация тармақларында юридикалық ҳәм физикалық шахслардың айыбы менен жүз берген ҳәдийселер нәтийжесинде операторлар ҳәм провайдерлерге келтирилген зыян усы шахслар тәрепинен нызам актлеринде белгиленген тәртипте қапланады.

**21-статья. Операторлар ҳәм провайдерлердиң ҳуқықлары**

Операторлар ҳәм провайдерлер төмендеги ҳуқықларға ийе:

пайдаланыўшыларға хызметлер көрсетиў;

пайдаланыўшылар телекоммуникациялардан пайдаланыўдың белгиленген қағыйдаларын бузған жағдайда оларға хызмет көрсетиўди тоқтатыў;

юридикалық ҳәм физикалық шахслардың айыбы менен жүзеге келген зыянды қаплатыў;

юридикалық ҳәм физикалық шахслардың нызамсыз ҳәрекетлери үстинен нызам актлерине муўапық шағым етиў.

Операторлар ҳәм провайдерлер нызам актлерине муўапық басқа да ҳуқықларға ийе болыўы мүмкин.

**22-статья. Операторлар ҳәм провайдерлердиң миннетлери**

Операторлар ҳәм провайдерлер төмендегилерге миннетли:

телекоммуникация саласындағы жумысты лицензиядағы шәртлерге ҳәм белгиленген қағыйдаларға муўапық әмелге асырыў;

көрсетилип атырған хызметлер сапасы белгиленген стандартлар, қағыйдалар ҳәм нормаларға муўапық болыўын тәмийинлеў;

телекоммуникация тармақлары арқалы узатылатуғын телефон сөйлесиўлери, телеграф ҳәм басқа да хабарлар сыр тутылыўын сақлаў;

хызмет көрсетиў шәртлери ҳәм тәртиби ҳаққындағы, соның ишинде телекоммуникация хызметлери тарифлериниң өзгергенлиги ҳаққындағы толық мағлыўматты пайдаланыўшыларға өз ўақтында усыныў;

телекоммуникация хызметлерин көрсетиў ҳаққындағы шәртнамалардың орынланбағанлығы ямаса тийисли дәрежеде орынланбағанлығы ушын, сондай-ақ хызметлер көрсетилмегенлиги ямаса тийисли дәрежеде сапалы хызметлер көрсетилмегенлиги ақыбетинде пайдаланыўшыларға келтирилген зыянды нызам актлерине муўапық қаплаў.

Операторлар ҳәм провайдерлер нызам актлерине муўапық басқа да миннетлерге ийе болыўы мүмкин.

**23-статья. Пайдаланыўшылардың ҳуқықлары**

Пайдаланыўшылар төмендеги ҳуқықларға ийе:

улыўма пайдаланыўдағы телекоммуникация тармақлары хызметлеринен пайдаланыў;

улыўма пайдаланыўдағы телекоммуникация тармақларына өзиниң ақырғы (терминал) әсбап-үскенелерин нызам актлеринде белгиленген шәртлерде ҳәм тәртипте жалғаў;

операторлар ҳәм провайдерлер тәрепинен белгиленген қағыйдаларға муўапық өз ўақтында ҳәм сапалы хызмет көрсетилиўинен пайдаланыў;

оператор ҳәм провайдерлер шәртнамада келисилген шәртлерди бузған жағдайда телекоммуникация хызметлеринен бас тартыў;

телекоммуникация хызметлери көрсетилмегенлиги ямаса тийисли дәрежеде сапалы хызмет көрсетилмегенлиги нәтийжесинде келтирилген зыянды өндириў, руўхый зәлелди қаплатыў;

өз ҳуқықлары бузылған жағдайда ўәкилликли мәмлекетлик уйымларға ямаса судқа мүрәжат етиў.

Пайдаланыўшылар нызам актлерине муўапық басқа да ҳуқықларға ийе болыўы мүмкин.

**24-статья. Пайдаланыўшылардың миннетлери**

Пайдаланыўшылар төмендегилерге миннетли:

телекоммуникация хызметлеринен пайдаланыўдың белгиленген қағыйдаларына бойсыныў;

белгиленген стандартларға муўапық сертификатқа ийе болған ақырғы (терминал) әсбап-үскенелерден пайдаланыў;

өзлерине көрсетилген хызметлери ушын ҳақыны өз ўақтында төлеў;

жумыс сапасын пәсейтиўге ямаса телекоммуникация тармақларына зыян келтириўге қаратылған ҳәрекетлерди ислемеў.

Пайдаланыўшылар нызам актлерине муўапық басқа да миннетлерге ийе болыўы мүмкин.

**25-статья. Телекоммуникация хызметлеринен пайдаланыўдағы жеңилликлер ҳәм артықмашылықлар**

Нызам актлеринде пуқаралардың айырым категорияларына телекоммуникация хызметлеринен пайдаланыў барысында жеңилликлер белгилениўи мүмкин.

Пуқаралардың айырым категорияларына телекоммуникация хызметлеринен пайдаланыў барысында белгиленген жеңилликлер берилиўине байланыслы оператор ҳәм провайдерлердиң қаржыларын қаплаў нызам актлеринде белгиленетуғын тәртипте әмелге асырылады.

Мәмлекетлик уйымлардың лаўазымлы шахсларының айырым категорияларына, сырт ел мәмлекетлери дипломатиялық ҳәм консуллық ўәкиллерине, халықаралық шөлкемлердиң ўәкиллерине, сондай-ақ пуқаралардың айырым категорияларына телекоммуникация хызметлеринен пайдаланыўда гезекте турыў ҳәм пайдаланыў мәселесинде артықмашылықлар белгилениўи мүмкин.

Телекоммуникация хызметлеринен пайдаланыўда артықмашылықлар берилетуғын лаўазымлы шахслар, шөлкемлер ҳәм пуқаралар категорияларының дизими ҳәм телекоммуникация хызметлерин көрсетиў тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

**26-статья. Телекоммуникация қуралларын қорықлаў**

Телекоммуникация қуралларын қорықлаў тәртиби нызам актлери менен белгиленеди.

Телекоммуникация қуралларына зыян келтирилиўине, оларға рухсатсыз жалғаныўға жол қойған юридикалық ҳәм физикалық шахслар нызам актлеринде белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

**27-статья. Тартысларды шешиў**

Операторлар, провайдерлер ҳәм пайдаланыўшылар арасында жүзеге келетуғын тартыслар нызам актлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

**28-статья. Телекоммуникациялар ҳаққындағы нызам актлерин бузғанлығы ушын жуўапкерлик**

Телекоммуникациялар ҳаққындағы нызам актлерин бузыўда айыплы болған шахслар нызамда белгиленген тәртипте жуўапкер болады.